

Dwa ak Responsabilite Fondamantal ou

- Si ou se yon aplikan oswa resipyandè benefis pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplementè (SNAP) nan Massachusetts, ou sètifye sou pèn sanksyon pou fo temwayaj ke ou te li, oswa te fè yon moun li pou ou, enfòmasyon ki nan nenpòt aplikasyon SNAP ou soumèt ak repons ou bay nan kesyon nenpòt aplikasyon ou soumèt epi repons sa yo vre epi konplè selon sa ou konnen.
- Ou konprann ke fè deklarasyon ki fo oswa pou tworpe oswa fè defòmasyon, kache oswa kenbe enfòmasyon, swa aloral oswa alekri, pou etabli kalifikasyon pou SNAP se fwòd, yon Vyolasyon Entansyonèl Pwogram (IPV), epi sa pini ak sanksyon sivil ak kriminèl.
- Ou konprann ke enfòmasyon ou bay ak aplikasyon w lan pral fè objè verifikasiyon pa otorite federal, Etatik ak lokal, pou detèmine si enfòmasyon sa yo se verite; si gen nenpòt enfòmasyon ki fo, benefis SNAP yo ka rejte, epi ou ka fè objè pou suit kriminèl paske ou bay fo enfòmasyon volontèman.
- Ou konprann ke Depatman Asistans Tranzisyonèl la (DTA) administre SNAP, epi ke DTA gen 30 jou apati dat aplikasyon an pou trete aplikasyon an.
- Ou konprann ke ou gen dwa pou pale ak yon sipèviziè, si yo te jwenn ke ou pa kalifye pou benefis SNAP akselere men ou pa dakò, oswa si yo jwenn ke ou kalifye pou sèvis akselere men ou pa resevwa benefis SNAP ou pou pita nan setyèm jou kalandriye apre dat ou te aplike pou SNAP la.
- Ou konprann ke tout moun nan fwaye a ki gen ant 16 ak 59 an otomatikman anrejistre pou travay epi enskri nan Pwogram Travay ak Fòmasyon SNAP (SNAP/E&T). Enskripsiyan otomatik SNAP/E&T pèmèt manm fwaye a jwenn aksè fasil nan sèvis SNAP/E&T yo. Manm fwaye a ki oblige enskri pou travay (ki pa egzante) pral enfòme sou egzijans travay yo, egzansyon ak sanksyon pou non-konfòmite ki te eksplike epi yo pral refere yo nan yon aktivite travay, si sa apwopriye.
- Ou bay DTA pèmisyon pou verifye epi ankete enfòmasyon ou bay ki gen rapò ak kalifikasyon ou pou asistans, pou jwenn tout dosye oswa done epi verifye enfòmasyon yo bay ak lòt ajans, tankou ajans federal ak etatik yo, otorite lojman lokal yo, - Depatman byennèt sosyal andeyò Eta a, ak enstitisyon finansye yo. Ou bay ajans sa yo pèmisyon tou pou bay DTA enfòmasyon sou fwaye w la konsènan benefis SNAP ou yo.
- Anvan yo apwouve w pou benefis, yo ka verifye estati imigrasyon atravè Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), ki te rele anvan INS. Ou konprann ke DTA ka soumèt enfòmasyon ki nan aplikasyon SNAP ou a bay USCIS, epi ke tout enfòmasyon yo resevwa nan men USCIS ka afekte kalifikasyon fwaye w la ansanm ak montan benefis yo.
- Ou konprann ke ou pral resevwa yon kopi bwochi Dwa pou Konnen ak Bwochi Pwogram SNAP la, ke ou dwe li oswa fè yon moun li pou ou epi ou dwe konprann kontni yo ak dwa ak responsabilite w.
- Ou jire tou ke tout manm fwaye SNAP ou k ap mande benefis SNAP yo se swa sitwayen ameriken oswa non-sitwayen ki gen estati imigrasyon satisfezan.
- Ou konprann ke ou gen dwa enskri pou vote nan DTA. Ou konprann ke DTA pral ede w ranpli fòm aplikasyon pou enskripsiyan elektè a si w ta renmen èd epi ou gen dwa ranpli fòm aplikasyon pou enskripsiyan elektè a an prive. Ou konprann ke aplike pou enskri oswa refize enskri pou vote pa pral afekte montan asistans ou resevwa nan men DTA.
- Ou konprann ke si ou menm oswa nenpòt manm nan fwaye SNAP ou a vyole volontèman nenpòt nan règ ki endike anba yo, yo ka entèdi moun sa a resevwa SNAP pandan yon ane jiska tout tan, peye yon amann jiska \$250,000, ale nan prizon pou jiska 20 an oswa toude. Li ka fè tou objè pou suit dapre lòt Iwa Federal ak Etatik ki aplikab. Yo ka entèdi li tou resevwa SNAP pou yon lòt 18 mwa si tribinal la te bay lòd pou sa.
- Ou konprann ou gen dwa pou gen yon entèprèt ke DTA bay si okenn adilt nan fwaye SNAP ou a pa kapab pale oswa konprann angle. Ou konprann tou ke ou ka gen yon entèprèt pou tout odyans san patipri DTA oswa mache ak pwòp entèprèt pa ou. Si w bezwen yon entèprèt pou yon odyans, ou dwe rele Divizyon Odyans lan omwen yon semèn anvan dat odyans lan.

(OU KA JWENN ENFÒMASYON KONPLÈ SOU DWA AK RESPONSABLITE NAN APLIKASYON SNAP LA)

USDA se yon founisè ak anplwayè ki bay opòtinite egal.



Department of
Transitional
Assistance

mass.gov/dta



For more languages, scan the QR Code

Para idiomas adicionales, escanea el código QR

Para mais idiomas, escaneie o código QR

Pou plis lang, tanpri eskane kod QR la

如需更多语言，请扫描二维码

Để biết thêm ngôn ngữ, hãy quét Mã QR